# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–11 फरवरी 2026** **भोजपुरी समाचार**

प्रदेस क वित्त मंत्री सुरेश खन्ना आजु विधानसभा में वित्तीय बरिस दुइ हजार छब्बीस–सत्ताईस क बजट पेस कइलें। नौ लाख बारह हजार करोड़ रूपिया से बेसी क ई बजट प्रदेस क अब ले क सबसे बड़हन बजट हौ, जवन पछिला बरिस से बारह दसमलव नौ फीसदी बेसी हौ। वित्त मंत्री सदन में बजट पेस करत कहलें कि बजट में अवसंरचना, महिला सशक्तिकरण, युवा कौशल विकास, किसान कल्याण, गरीबी उन्मूलन अउर रोजगार पर खास ध्यान दीहल गइल हौ।

***यही जुनून यही ख्वाब मेरा है, दिया जलाकर रोशनी कर दूं जहां अंधेरा है। वित्तीय वर्ष 2026–27 के लिये प्रस्तुत बजट का आकार 9,12,696.35 करोड़ रुपये है जो वित्तीय वर्ष 2025–26 की तुलना में लगभग 12.9 प्रतिशत अधिक है। इस बजट में पूंजीगत परिव्यय 19.5 प्रतिशत है, शिक्षा तथा चिकित्सा हेतु आवंटन कुल बजट का क्रमशः 12.4 प्रतिशत एवं 6 प्रतिशत है। कृषि एवं संबंद्ध सेवाओं के लिए आवंटन का कुल बजट 9 प्रतिशत है।***

श्री खन्ना कहलें कि येह बजट में तिरालीस हजार पांच सौ पैंसठ करोड़ तैंतीस लाख रूपिया क नया योजना सामिल कइल गइल हौ। बजट में चिकित्सा, स्वास्थ्य अउर परिवार कल्याण बदे सैंतीस हजार नौ सौ छप्पन करोड़ रूपिया के व्यवस्था क प्रस्ताव कइल गइल हौ। चिकित्सा, सिक्षा बदे चउदह हजार नौ सौ सत्तानबे करोड़ रूपिया क व्यवस्था प्रस्तावित हौ। उहां के कहलीं कि प्रदेस कृषि उत्पादन में देस क अगुआ प्रदेस हौ। बजट में एमएसएमई सेक्टर क योजना बदे तीनि हजार आठ सौ बाइस करोड़ रूपिया क इंतिजाम कइल गइल हौ।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहलें कि उनके सरकार क बजट टेक्नोलॉजी में इन्वेस्टमेंट क मददि से राज्य के खुसहाल बनावे बदे हौ। आजु दुपहरिया एगो प्रेस कॉन्फ्रेंस के सम्बोधित करत योगी आदित्यनाथ कहलें कि बजट क थीमि–महिला सुरक्षा, काबिल युवा, सुखहाल किसान अउर सबके बदे रोजिगार हौ।

उहां के कहलीं कि नया सुरू कइल गइल योजनन बदे तिरालीस हजार पांच सौ पैंसठ करोड़ रूपिया से बेसी क बड़हन आवंटन हौ, जबकि कैपिटल खरचा बदे दुइ लाख करोड़ रूपिया से बेसी आवंटित कइल गइल हौ, जवना से न त खाली इंफ्रास्ट्रक्चर डेवलपमेंट में मददि मिली बलुक रोजिगारो बढ़ी।

***बजट की थीम सुरक्षित नारी, सक्षम युवा, खुशहाल किसान और हर हाथ को काम, तकनीकी निवेश से समृद्ध होता उत्तर प्रदेश के लिये समर्पित यह बजट नववर्ष के नव निर्माण की एक नई गाथा को देशवासियों के सामने प्रस्तुत करता है। बजट की जो हाइलाइट्स हैं जो आपने देखा है इसमें 43 हजार 565 करोड़ रूप्ये से अधिक की धनराशि केवल नई योजनाओं के लिए इस बजट में प्रस्तावित की गई है। दूसरा दो लाख करोड़ रुपये से अधिक की राशि कैपिटल एक्सपेंडिचर के लिए।***

योगी आदित्यनाथ दोहरवलें कि कानून क राज ही असली विकास क गारंटी हौ, जवन यूपी आजु दे रहल हौ।

***'रूल ऑफ लॉ' रियल ग्रोथ की गारंटी है। हर व्यक्ति सुरक्षा की गारंटी चाहता है और ये गारंटी यूपी दे रहा है।***

बजट पर प्रतिक्रिया देत भाजपा प्रदेस अध्यक्ष अउर केन्द्रीय वित्त राज्य मंत्री पंकज चौधरी कहलें कि ई बजट ''विकास विश्वास अउर समृद्धि'' क भावना से तइयार कइल गइल हौ अउर प्रदेस के नया आर्थिक ऊंचाई ले पहुंचावे क रोडमैप प्रस्तुत करे ला। उहां के कहलीं कि बजट में गांव, गरीब, किसान, नौजवान अउर महिला लोगिन के केन्द्र में रखि के सर्वस्पर्शी अउर संतुलित प्रावधान कइल गइल हौ। श्री चौधरी कहलें कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के अगुआई में केन्द्र सरकार क नीतियन अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के सरकार क जनकल्याणकारी योजनन के समन्वय क सकारात्मक नतीजा अब प्रदेस क विकास के रूप में देखाई दे रहल हौ। दुसरे ओरि समाजवादी पारटी अउर कांग्रेस के साथे बिपक्षी पारटियो बजट क आलोचना कइलसि। कांग्रेस नेता दीपक सिंह कहलें कि बजट में बेरोजगार नौजवानन अउर किसानन बदे कुछु नइखे। सज्जो दावा मनगढ़ंत हौ अउर बजट क राज्य क जमीनी सच्चाई से कउनों लेना–देना नइखे।

ओहीं, पूर्वांचल विश्वविद्यालय जौनपुर के अर्थशास्त्र विभाग क प्रोफेसर विवेक कुमार मिश्रा बजट के राज्य क समग्र विकास क दिसा में एगो सकारात्मक कदम बतवले हवें। उहां के कहलीं कि ई बजट शिक्षा, स्वास्थ्य, कृषि, रोजिगार अउर बुनियादी ढांचा के मजबूत करे पर केन्द्रित हौ। श्री मिश्रा कहलें कि बजट में नौजवानन अउर छात्रन बदे कइल गइल प्रावधान सराहनीय हौ, जवना से प्रदेस में मानव संसाधन क विकास होई।

**********

केन्द्र सरकार सूचना प्रौद्योगिकी–मध्यस्थ दिसा–निरदेस डिजिटल मीडिया आचार संहिता नियम, दुइ हजार एक्कइस में संसोधन अधिसूचित कइले हौ। अधिसूचना के हिसाबि से सोसल मीडिया प्लेटफार्म के एआई द्वारा बनल चाहे डीप फेक सामग्री के सरकार द्वारा चिन्हित कइल गइले अउर न्यायालय क आदेस के बाद तीनि घंटा के भितरे हटावे के होई। नया नियम बीस फरौरी से लागू होई।

**********

मौसम विभाग प्रदेस क पूरबी अउर पच्छिमी जिलन में मौसम सुस्क रहे क आगम जतवले हौ। विभाग के हिसाबि से अगिला तीनि दिन में तापमान में कउनों बड़हन बदलाव भइले क अनेसा नइखे। एकरे बाद अधिकतम अउर न्यूनतम तापमान में करीब दुइ से तीनि डिगिरी सेल्सियस के बढ़ोत्तरी क आगम हौ।

**********